

# Koze kremòl ak lefè sou chit sou chantye rezidansyèl

**Koze kremòl 1 :** Bòs endepandan sou chantye rezidansyèl pa blese mal kou bòs mason sou chantye komèsyal.

**LEFÈ :** Mwatye tout bòs mason chantye ki tonbe mouri nan Massachusetts t ap travay sou chantye rezidansyèl.

Yon bòs chapant twati 30 an t ap dewoule pape goudwonnen sou yon nouvo twati an pant yon kay 2 etaj lè t ap fè bak sou arebò a. Li tonbe 24 pye epi mouri, li kite dèyè madanm li ak pitit li yo.

**Koze kremòl 2 :** Se pou w tonbe wo anpil pou w mouri.

**LEFÈ :** Si w fwape tèt ou ase fò, ou gendwa mouri nan nenpòt ki wotè. Mwatye nan bòs mason ki mouri yo tonbe depi sou yon wotè ki 25 pye osinon pi ba. Menm si ou pa mouri lè w tonbe, ou gendwa pa travay pou yon sèten tan poutèt yon andikap.

Yon pent 68 an mouri aprè l tonbe 10 pye sou yon ti galri dezyèm etaj yon kay. Pent la tonbe lè l t ap desanm yon nechèl epi panche sou balis pouri yon galri. Li te penn kay pou plis pase 40 lane.



**Koze kremòl 3 :** Bòs mason ki gen eksperyans pa tonbe.

**LEFÈ :** Laj mwayèn bòs mason ki tonbe epi mouri se 43. Misye sa yo te gen anpil ane eksperyans.

"Sa rive vit vit. Se lè w kwè ou sekirize pou w pran plis prekosyon."

—Gene, bòs mason

**Koze kremòl 4 :** Ekipman pou pwoteksyon chit pi plis yon kontraryete pase yon sekou.

**LEFÈ :** Pa gen anyen ki pi plis yon kontraryete pase yon andikap pou tout lavi. Ekipman pou pwoteksyon chit toujou ap fè pwogrè. Kab an koukouman pèmèt gen yon fleksibilite maksimòm. Lank twati kapab klouwe sou estrikti twati anbwa.

**Koze kremòl 5 :** Travay sekirize koute chè.

**LEFÈ :** Gen kèk materyèl ki pa koute chè, tankou estabilizatè nechèl, sipò balistrad, ak twous pwoteksyon pou chit. Lòt bagay tankou echafo pi chè toujou. Investi nan ekipman, menm jan ou investi nan zouti bon kalite.



Jodi a, yon sistèm pèsònèl pou kanpe chit vann apeprè \$150.

"M tonbe 3 etaj epi m pa travay pou 8 semèn. M te travayè endepandan epi m pa t gen konpansasyon. Gen lontan sa, men m pèdi anviwon \$5.000. Yon sele bride t ap koute m \$50 lè sa a."

—Dan, bòs mason

## LEFÈ : Chit kapab anpeche

### Fè plan alavans

Vini avèk bon materyèl pou chantye a, epi sèvi korèkteman avè l.



### Rete veyatif

Toujou reflechi anvan epi pa pran chans. Veye lòt sou chantye a.

### Fòm travayè ou yo

Asire travayè ou yo konnen kijan pou travay an sekirite lè yo nan wotè.

## Enfòmasyon siplemantè

### Pwogram konsiltasyon siplas

Estanda depatman travay Massachusetts  
(508) 616-0461  
[www.mass.gov/dols](http://www.mass.gov/dols)

### OSHA Regional Office

JFK Federal Building – RoomE340  
Boston, MA 02203  
(617) 565-9860  
[www.osha.gov](http://www.osha.gov)

### Sant pou rechèch ak fòmasyon nan chantye

Resous ak materyèl sekirite pou nechèl  
[www.cpwr.com](http://www.cpwr.com)

### MA FACE Project

Occupational Health Surveillance Program  
Massachusetts Department of Public Health  
250 Washington Street  
Boston, MA 02108  
(617) 624-5627  
[www.mass.gov/dph/FACE](http://www.mass.gov/dph/FACE)

FACE se yon pwojè Massachusetts Department of Public Health pou anpeche domaj nan travay. FACE pa responsab pou aplikasyon estanda sou sekirite. FACE fè ankèt sou lanmò ki rive nan travay pou l kapab konnen kisa ki lakòz risk ki pwovoque domaj mòtèl pou kapab anpeche lanmò ankò.

Pwojè FACE la finanse pa National Institute for Occupational Safety and Health (NIOSH).

# CHIT

## KOUPÈDGÒJ PRENSIPAL SOU CHANTYE



Massachusetts Department of Public Health

Pwojè evalyasyon aksidan mòtèl ak evalyasyon kontwòl  
(FACE pou Fatality Assessment and Control Evaluation)

*Last updated 4/2016  
Haitian Creole*

